

спорт

**Эркенаб гугариялъул рахъалъ Дагъистаналъул чемпион**

Стр. 2

ДИН ВА ГIУМРУ

**Щолелъубе гIужда щвезабе**



Стр. 3

# ЛЪАРАТIА




ЛъаратIа районалъул газета

№ 12 * июль 2015 с. Газета биччала моцIида жаниб кIиго нухалъ. Багьа 10 гъ.


*редакторасул колонка*

## Нухал, ток ва жавабчилъи гьечIел хIакимзаби

**Нилъеда лъала исана их рогьараб гIужалда халат рахъарал цIадазул хIасилалда тIабигIиял балагьалги цIикIун, рахъ-рахъалда нухал ччукIун, токалъул хIубал щапун, районалъул халкъалъе, хасго тIасияб мухъалъул жамагIаталъе цIакъго кIудияб квал-квал ккараблъи. Гьале кIиго моцI ун буго Анцухъ-ГIаликолоб росабазда гьоркьосеб нух биххун, гьеб гьабизе кIоларого. Республикаялъул ва районалъул МЧСалъул хIалтIухъабазги ЛъаратIа районалъул ДЭПалъул хIалтIухъабазги кIвараб хIаракат бахъун, щибаб къоялъ биххараб бакIалда хал-шал гьабун, хIинкъи гьечIолъи чIезабулеб буго гъоркье-тIаде унел машинабазе.**

Республикаялъул нухмалъулев Рамазан ГIабдулатIипов моцIалъ цеве районалдеги щун, нух бахъулезда ккарал бадирчIваяги гьарун нахъе аралдаса байбихьун букIана заманаялъул кьоги лъун нух хвараб бакI цIигьабизе. Амма заман бахъилалдего гIорги кIодолъун, кьодул сакалги гIоралъ росун данде ккечIо. Гьанже гIорги гьитIинлъун балеб буго заманаялъул, анцIгоялдаса цIикIун тонна бакIлъиги тIад хIехьолеб, 6-7 метралъ гIебеб кьо.

Гьеб кинабго лъикI буго, амма гIадада гуро дица гьаниб токалъул суалги рехсараб. Бокьани божа бокьичIони божичIого рукIа, ЛъаратIа районалъул тIасияб мухъ, ай Лъебелазул, Кьаналазул ва ТIомуразул жамагIаталъ тасдикъ гьарила гьал рагIаби, щибаб Аллагьас бижараб къоялъ гьениб тIагIунеб буго ток. ЖамагIат кинабго махIрум гьабун буго токалъ инсанасе кьолеб пайдаялдасаги бигьалъабаздасаги.

Дица абиларо ремонтазе гIоло къалеб, хехал цIадал ялъуни гIанси бачIун, кIудиял тIабигIиял балагьазда хурхун ток тIагIи. Гьеб гьединго тела, гьединал захIмалъаби дунялалъул бокьараб бакIалда данд чIвазе бегьула. Абизе бокьун буго районалъул ток чIезабиялъул идараялъул гьечIеб кIваралъулги жавабчилъиялъулги. Зодиб накIкI бахъарабго сунн уна ток.

Июнь моцIалъул байбихьуда цо сордоялъ тIагIана ток, я цIадал, я иххал, я гьурал гьечIого тагIана ток лъабго суткаялъ. Хадусеб къоялъ хал гьабулаго Гьерел росдал администрациялъул бетIер Шейхов ГIали, цадахъ кумекчагIигун ун, батун буго ток хвараб бакI, амма районалдаса гьелда хадур рахъарал чагIи щалго ратичIо. Нижеда ток хвараб бакIги батун буго, кумек гьабизеги ниж хIадурун руго абун телефоналъ ахIараб мехалда, токалъул суала-

*Ахир 2 аб. гьум.*

*данделъи*

# Мусаца доклад гьабуна, ГIабасица хъил тIуна

**Къоло ичIабилеб июналда районалъул администрациялъ тIобитIана иргадулаб заседание. Данделъиялда гьоркьоб лъураб цохIого цо суал букIана, Гьиндиб росдал администрациялъул бегавул, Муса Джамалудиновасул ахираб кIиго соналъул хIалтIул хIисабал ва хIасилал. Гьединго залалда гIодор чIаразда рагIана сентябрь моцIалда тIоритIизе ругел, районазул ва шагьаразул бутIрузул рищиязда хурхун гьитIиналго хисабасиял ва прокурорас районалъул нухмалъулезде гьарурал гьитIиналго бадирчIваялги.**



Кидаго нилъ ругьунал руго щибаб моцIалъул къоло щуабилеб къоялда районалъул администрациялъул кIудияб залалда кIудияб данделъи (заседание) тIобитIун, амма гьаб иргаялда кIудияб гIилла букIана гьелъие, щайгурелъул районалъул нухмалъи ана аварагасул (с.т.гI.в) кодоб букIараб тIагIел, цIарагI, къайи (реликвии) дандчIвазе, гьеб бихьизе. Гьелдалъун данделъи нахъе бахъана 29 абилеб къоялде. Данделъи бачунеб букIана районалъул администрациялъул бетIер Ражаб Ражабовас ва районалъул администрациялъул бетIерасул тIоцевесев заместитель Рамазан ГIабдулхаликъовас. Гьоркьоб лъураб суалалъул докладгун цеве вахъана Гьиндиб администрациялъул бетIер Муса Джамалудинов. Гьес къокъгьабун байбихьана рикIкIине ахираб кIиго соналъ Гьиндиб администрациялда ва хас гьабун хъутаналда Ибрагьим-отар росулъ гьарурал хIалтIабазул хIисабал гьаризе. Нижеца ихдал хъутаналде сапаралдаса хъвараб макъалоялда рехсонги рукIана Ибрагьим-отар росулъ гьарулел кIудиял хIалтIабазулги, росулъе хъил тIураб гIатIидаб, берцинаб шагьра-нухалъулги, росулъ бараб кIудияб мажгиталъулги, мини-футболалъул майданалъулги, цIи балеб кIудияб школалъулги ва.гь.ц. Гьезда тIаде Мусаца журана цоги гьитIинал батIи-батIиял хIалтIабиги, гьарун лъугIарал ва гьабсагIаталъ гьарулел ругелги. Мусал рагIабазда рекъон, гIемераб кумек гьабунила мажгит баялъул ва нухал къачIаялъул рахъалъ, Ибрагьим-отар росулъа ГIабас Къебедовас.

Районалъул прокурор СултIанбег АхIмадовас бадирчIваял гьаруна районалъул нухмалъулезда, бегавуласул хIалтIабазул хIасилазда хурхун. СултIанбегил рагIабазда рекъон, бегавулзабаз данделъиязда гьарулел ругел докладазул кинабгIаги хIакъикъияб ритIухълъи гьечIила прокуратураялъул букIа, счетная палаталъул букIа, бокьараб халгьабиялъул идараялъ гьеб кинабго жоялъул ритIухълъи тасдикъ гьабичIого. ГIицIго гьабунищ, гьабуна абураб жоялъе гIоло цере рахъун кIалъаялъ щибго иш тIубаларин. ТIоцебе районалъул нухмалъиялъ амруги кьун счетная палата абураб идараялъ мекълъиялъул халшалги гьабун хадуб гурони доклад гьабиялъул мукагIалъи гьечIилан рикIкIунеб буго СултIанбегица.

Гьединго гьеб данделъиялда рукIинесел рищиязул хIакъалъулъ гьитIинабго баян кьуна райсобраниялъул председателасул заместитель ГIабдулаев ГIабдулагьица ва районалъул рищиязул комиссиялъул нухмалъулев Мухтаров Рамазаницаги. Гьезул баянал нижеца цебесеб ЛъаратIа газеталъул номералда мухIканго рихьизарун рукIана. Рамазан моцI букIиналъги батила, гIемер сваказаричIого, чIамучIлъизабичIого лъугIизабун тана иргадулаб щибаб моцIалъ тIобитIулеб данделъи.

**Расул АБАКАРОВ**



*редакторасул колонка*

# Нухал, ток ва жавабчилъи гьечIел хIакимзаби

*Байбихьи 1 -себ. гьум.*

зул идараялъул нухмалъулев Къурбан Гайдаровас абулеб бугила бригада гьенибе ун бугин. Амма щивниги чи гьениве щвечIо гьеб халатаб роол къоялъ, къасидегIан балагьун гIадамалги тун.

Щай районалъул бищунго кIудияб администрациязул цояблъун рикIкIунеб Гъерел администрациялъул гIадамаз кIиго нухалъ тIолгохалкъалъул рищиязда вищун тарав бегавуласде, цо лъицаялиго, кидаялиго щал лъаларел гьунаразухъ хъулухъалде тарал хIакимзабаз гьерсал рицине кколел?, щай гIадамал тIаса-маса гьаризе кколел абурабал суалал рачIунел руго. Къурбаница хIалтIухъаби ТIохьотIа росулъ ругилан абулеб буго, жалго хIалтIухъабаз ЛъаратIа ругилан абулеб буго телефоналъ. **Яги токалъул идараялъул нухмалъулес тIубараб тIомуразул жамагIаталъе гьерсал рицунел руго, яги гьесда жиндир хIалтIухъаби ругеб бакI лъалеб гьечIо. Ялъуни жалго хIалтIухъабаз Къурбан гуккулев вуго жал ТIохьотIа ругин токалъул хIубал къачIалел.**

Кин борцаниги гIайиб токалъул идараялда тIаде кколеб буго. ТIубанго хун буго бихьинчиясул рагIул къимат ва жавабчилъи абураб жо. Дун вуго районалъул тIасияб мухъалда гIумру гьабулев чи, бихьулеб буго токалъул рахъалъ кинаб ахIвал-хIал гьаниб бугеб ва кигIан гьитIинаб ва мукъсанаб кIвар кьолеб бугеб районалъул нухмалъиялъ гьеб суалалда хурхун.

Совет хIукуматалъул заманалдаго, 70-абилел соназда чIарал токалъул хIубалги кваралги хисичIого тей кIудияб гIунгутIи бугин абизе бегьила. Хасало къаси-къасиялъун трансформаторазулги кваразулги къуват гIолеб гьечIин къалеб буго ток. КинабгIаги мухIканаб, цебе чIараб хIалтIи гьабизе гIарац гIураб гьечIин бицунеб буго Гайдаров Къурбаница. Гьалгощинал соназ хIукуматалъ гьеб идара гIарац гьечIоян абизейищ хъихъулеб дида лъаларо. Щибаб лъагIалида кинал хIалтIаби гьарулел? КигIан хIубал ва кварал хисулел? КигIан гIарац гьел хIалтIабазе биччалеб?

Гьел киналго суалалги роцIун ЛъаратIа газеталъ хадусеб номералда баян кьела нужее. Районалда заседание тIобитIулеб мехалда токалъул суал борхун букIана, президиумалда Къурбание рагIиги кьун, цо бигьаго тIаса-масанго жавабги щун, цо ахIи-хIур, щибниги бичIуларел жалги рицун лъугIизабун тана гьеб хабар.

Амма гьелде тIадруссине руго, иншааллагь, гIагарал номерazда.

Васалам.

**Расул АБАКАРОВ**

*спорт*

# Эркенаб гугариялъул рахъалъ Дагъистаналъул чемпион

**Дагъалъ цебе Казбек районалъул Дылим росулъ тIобитIана гIолилазда гьоркьосеб эркенаб гугариялъул рахъалъ Дагъистаналъул чемпионат.**



Гьениб гIахьаллъи гьабуна нилъер районалъул Белъелда росулъа ХIажимурад Мусаевас 63 кг цIайиялда.

ХIалуцарал къецазда щуго дандчIвайги гьабун ХIажимурад вахъана Дагъистаналъул чемпионлъун. Нилъер районалъе кIудияб чIухIи бугеб цIар буго эркенаб гугариялъул рахъалъ Дагъистаналъул чемпион абураб цIар нилъер ракьцоясе щвеялдаса. Баркула нилъер ракьцоясда берцинаб ва ракIчIараб бергьенлъи ва гьарула гIолохъанав речIухъанасе жеги чIахIиял бергьенлъаби.

Биччанте ХIажимурадица тIадеялдаса тIаде нилъ чIухIинаризе чIахIиял бергьенлъабаздалъун.

**Нижер мухбир**

# Рагъулаб самбоялъул Дагъистаналъул чемпион

**Май моцIалъул байбихьуда тIобитIана рагъулаб самбоялъул рахъалъ дагъистаналъул чемпионат. Гьеб чемпионаталда гIахьаллъи гьабуна 1995-1999 абилел соназда гьарурал гIолилаз.**



Гьеб чемпионаталда гIахьаллъи гьабуна нилъер ракьцояв, ЛъаратIа росулъа Рустам Аюбовас.

Гьев щуго нухалъ цеве вахъана 90 кг цIайиялда ва щуябго нухалъ ракIчIараб тIокIлъигун дандеязда тIад бергьенлъаби росана ва чемпионасулаб кубокалъе мустахIикълъана, ай Дагъистаналъул чемпионлъун вахъана.

РакI-ракIалъ баркула нилъер районалъул жамагIаталда ракьцоясул кIудияб бергьенлъи. РукIинесел бергьенлъаби жеги цере руго, гьабсагIаталъ гьев кIваркьун хIалтIулев вуго живго жинда тIад.

Кьеги Рустамие тавпикъгун сахлъи жеги чIахIиял бергьенлъаби росизе.

**ЧАКЪАЛОВ**

# ИНФОРМАЦИЯ ПЕРВОКЛАССНИКАМ




**В связи с подготовкой детей, идущих в этом году в первый класс, хочется напомнить многодетным семьям (в семье трое детей в возрасте до 18 лет), что в соответствии с постановлением Правительства РД от 8 августа 2012 года № 265 предусмотрена единовременная денежная выплата в размере 2 тыс. руб. на каждого ребёнка.**

Просим обратить внимание, что данные выплаты предусмотрены только на первоклассников из малоимущих многодетных семей, т.е. чей среднедушевой доход не превышает прожиточный минимум на душу населения, установленный в Республике Дагестан.

На сегодняшний день он составляет 8666 руб. (постановление Правительства РД от 27 мая 2015 года № 158).

Для получения данной социальной поддержки вышеназванной категории необходимо обратиться с заявлением в Управление социальной защиты населения или Многофункциональный центр (МФЦ) с 1 июля до 1 декабря текущего года.

Для назначения этой выплаты необходимо представить следующие документы:

- заявление (заполняется в Управлении или МФЦ);
- свидетельства о рождении детей (оригиналы и копии);
- справка о совместном проживании детей с родителями;
- паспорта родителей (оригиналы и копии);
- СНИЛСы родителей (оригиналы и копии);
- справка из школы о приёме ребёнка в первый класс;
- сведения о доходах семьи.

**Если у вас возникли вопросы по данным выплатам, позвоните в Управление социальной защиты населения в МО «Тляратинский район» по телефонам: 3 –42–12**

# Прокуратура сообщает:

**Прокуратура Республики Дагестан старшему помощнику прокурора по взаимодействию со СМИ и общественностью юристу 2 класса Голубовой Т.И.**

Прокуратурой района проведена проверка исполнения требований законодательства об электроэнергетики на территории района.

В ходе проверки установлено, что оператор управления транспортировки электроэнергии Тляратинских районных электрических сетей (далее –УТЕ Тляратинских РЭС) Курамагомедов Р.Т. из иной личной заинтересованности составил акт о безучетном потреблении электроэнергии жителем с. Санатория Тляратинского района Израиловым Н.С.

В связи с чем, прокуратурой района материалы проверки направлены в следственные органы и по результатам их рассмотрения Хунзахским межрайонным следственным отделом Следственного комитета Российской Федерации по Республике Дагестан в отношении оператора УТЕ Тляратинских РЭС возбуждено уголовное дело, по признакам преступления, предусмотренного ч.1 ст. 292 УК РФ (служебный подлог).

**Прокурор района
старший советник юстиции
С.Г. АХМЕДОВ**

*Дин ва гIумру*

# Садакъа кьеялъул хиралъи

**Дуниял бижаралдаса нахъе Исламалъе кумек гьабизе рес щвеялъул рахъалдаса гьадигIан гьарзаяб ва ресал гIемераб заман букIун батиларин рикIкIунеб буго цIаларал, кIудиял чагIаз. ХIакъикъаталдаги нилъеда бихьухъе, АльхIамдулиллагьи, Аллагьасе рецц буго Ислам къойидаса къойиде гIатилъулеб буго ва кисакибего тIобитIулеб буго. Гьеб дин тIобитIиялъеги аслияб сабаблъунги кколеб буго сахаватал диналъул вацал, гьел рукIинчIелани киса-кирего тIолабго улкаялдаго гIемерлъилароан мажгитал ва мадрасал.**

Нилъеда лъала хIукуматалдаса щолеб кумекги цIакъго гьитIинаб букIин. Гьединлъидал Аллагьасе рецц буго, нилъеца нилъерго буголъи, харж лъикIаб рахъалдехун буссинабизе, ай мажгит лъезе мадрас борхизе, жиндийго Аллагьас кьураб ресалдаса муфагIалъиги босун. Нилъеда лъала нилъер киназулго росабалъ рукIарал мажгитал Аллагьасул рукъзал, гьоразде, бокьазде, складазде руссинарун рукIаралъи. Бокьарав кIудияв чиясда гьикъани бицила.

Гьаб хирияб моцIалда нилъер щивас хIаракат бахъизе ккола лъикIаб гIамалалдалъун ахираталда кIудияб нахърател тезе. Лъил кинаб гьунар батаниги, жиндиего Аллагьас кьураб гьунаралда рекъон. ГIакълу бугес жиндирго гIакълуялдалъун, ризкъиялдалъун ва.гь.ц, гьеб бугила хIакъикъияб къагIидаялда Бичасе закагIат бахъи.



Аварагасул (с.т.гI.в) хIадис бугила гьадинаб: **«ХIакълъунго садакъаялъила, хабал бухIи свинабунила инсанасе, хабалъ жанив инсан лъедал, гьениб хIисаб-суалги бажарулеб гьечIони, хобги боркьизабулеб бугонани, гьеб бакIалда инсанас кьун тараб садакъа батанани, яги жив хун хадуб кьураб, яги жив чIаго вукIаго кьураб, гьеб садакъаялъ хабал бухIи нахъчIвалила. КигIанасеб къадар садакъаялъул кьун букIун батаниги, гьеб садакъаялъул рагIдукь вукIине вугила къиямасеб къоялъ гьев бусурбанчи».**

Къиямасеб къоги нилъеда лъалаха кинаб букIине бугеб. Гьединго цоги аварагасул (с.т.гI.в) хIадис буго, гьаб хирияб моцIалъ вакъарав чи кваназавиялъул бугеб кириялъул: **«Щив чи вугониги жиндирго диналъул вац, чедги лъимги кьун кваназавуни, гьаниб батIи-батIиял нигIматазул бицунеб гьечIо, гьев чи жужахIалъул цIаялдаса анкьго хандакъалъ рикIкIад гьавулин. Цо хандакъалъул гъварилъи ва гIатIилъи бугила анкьнусго сонил манзил».**

Гьединго диналъул вацал, аварагасул(с.т.гI.в.) хIадис буго, нужецайила, тIокIаб батIиял къагIидаялда садакъа гьабизе рес батичIони, лъикIаб хабаралдалъунгIаги гьабейила, ай лъикIаб хабар бицинги садакъалъун рикIкIунеб буго. Ресалда рекъон щивав бусурбанчияс садакъа кьолеб бугони, ахираталда гьелдаса кIудияб кумек буго.

Буго цо гьадинаб хIадисги аварагасул (с.т.гI.в.) **« Нилъеда тIаде щвезе бугила цо гьадинаб заман, садакъаги босун мун цо пуланав мискинчиясухъе анани, гьес абизе буго, мун кватIана, сон-церекъад гьеб садакъагун мун вачIун вукIаравани дица босилаан дудаса гьеб, дие садакъаги щвана, дунги ресалда вуго АльхIамдулиллагь! Гьеб садакъа босулев чиги ватичIого, лъихъ аниги гьеб къабул гьабулев чиги ватичIого нахъ вуссинавизе ккезе вугила гьев чи».**

Нужеца пикру гьабе диналъул вацал, гьединлъидал жакъасеб къоялъ нилъее рес щвеялъухъ Исламалъул, диналъул, хIалтIуе гIоло харжал хвезариялъухъ, нилъеца щукру гьабизе ккела. Гьеб рес нилъее кьуравги БетIергьан Аллагь вугелъул. Гьеб гIарац бикизе сахлъиги заманги кьурав Аллагь вугелъул.

Гьеб сахлъиги заманги гIарац бикиналъе тIад хьвадизе ракьалги кьурав ТIадегIанав Аллагь вугелъул. Гьединлъидал нилъеда ракIалде ккезе бегьуларо нилъерго гьунаралдалъун, нилъерго захIматалдалъун нилъеца кутакаб хIалтIи гьабулеб бугин. Кинавгоо бусурбанчиясда кIочене бегьиларо кинабго жо нилъее Аллагьасдаса бугеблъи. ХIаракат бахъизе ккола Аллагьасе бокьараб рахъалдехун садакъа кьезе. Аллагьас нилъ садакъа кьолездаса ратайги.

Ассаламу гIалайкум!!!

**ГIабдурахIман-хIажи ГIУМАРОВ,**
**ЛъаратIа росдал имам**

# Щолелъубе гIужда щвезабе

## КIАЛБИЧЧАЯЛЪУЛ САХI

**Аллагьасул расулас (с.т.гI.в) рамазан моцIалъул кIал биччаялдалъун закат-сахI бахъизе тIадаблъун гьабуна гIадамазда. КIалбиччаялъул сахI бахъиялъ черх мунагьаздаса бацIцIад гьабула.**

СахI тIад гьабиялъул хIикмат буго гIидалъул къоялъгIаги ми-



скинзаби гьардезе ккезарунгутIи. ХIадисалда буго: «Рамазаналъул кIал зобалдаги ракьалдаги гьоркьоб бан хутIун букIуна кIалбиччаялъул сахI бахъизегIан», - абун. Гьелъул магIна буго закагIат-сахI тIалъулев чияс гьеб бахъичIони, кIалкквейги Аллагьас тIубан къабул гьабуларин абураб.

## СахI лъие щолеб?

Микьго тайпа буго сахI щолел чагIазул:

**ПАКЪИРЗАБИ.** Пакъир вуго боцIиги, мухь щолеб хIалтIиги гьечIев ялъуни хIалтIи бугев, амма гьеб хIалтIудаса жиндиеги агьлу-хъизаналъеги кванаэзеги, ретIелалъеги, рукъалъеги хIажалъулеб къадаралъул бащалъиялдасаги дагьаб гурони щоларев чи. Масала, анцIго гъурщиде хIажалъулев бакIалда лъабго-ункъо гурони гъурущ батизе кIоларев чиясда пакъирилан абула.

2. Мискинзаби. Мискин вуго чара гьечIеб къадар боцIи бугев ва харж щолеб хIалтIи бугев, амма гьелъ жиндиеги жиндир агьлу-хъизаналъеги хIажаталъул бащалъиялдаса цIикIкIун гурони щоларев. Масала, анцIго гъурщиде хIажалъулев чиясе микьго-ичIго гурони щолеб гьечIони, гьев мискинчи ккола.

3. Закаталда тIад хIалтIулел чагIи. Гьеб бакIаризе, хъвазе, бикьизе имамас тарал гIадамал. Гьел чагIазе, бечедал ругониги, хIалтIухъ балагьун мухь закагIаталдаса кьола.

4. ЦIибусурбанлъарал чагIи. Закат кьеялдалъун жидер иман щулалъулел яги жидерго къавмалда жаниб къадру бугел, жидее закат кьеялдалъун цогидалги исламалде рачIиналде хьул бугел.

5. ТIад боцIиги къотIун, тархъарал лагъзал. Гьезиеги жидеда тIад бугеб хIакъ тIаса бихьизе гIураб кьола.

6. Налъулал. ХIалалаб ишалъе гIоло жидеца налъукье боцIи босарал, гьеб бецIизе хIалкIоларел гIадамал. Гьезиеги тIад бугеб налъи тIаса бихьизе гIурабги, квана-гьекъезеги, ретIинеги гIураб жо кьола. Гьезда гьорлъе уна бусурбабазда гьоркьоб ккараб дагIба-рагIи гIодобе буссинабизе хIажалъун, гьелъие гIарац къарзалъе босарав чиги. ХIарамаб ишалъе, масала, риба, гIаракъи, чи чIвай гIадал жалазе гIоло налъукье ккарав чиясе закат кьоларо.

7. Гъазаваталъе рахъун чIарал, байтул малалдаса чIараб харж гьечIел гIадамал. Бечедал ругонигицин, рокъоса рахъаралдаса тIадруссун рачIинегIан гьезиеги гьез хьихьизе кколелщиназеги кваназе ва ретIине гIолеб къадар закаталъул кьола.

8. ХIалалаб сапаралда ругел гIадамал. Гьезиеги ине, рачIине, рекIине, юк баччизе гIураб къадар закаталъул кьола. ХIарамаб сапар бухьаразе (гIаракъи босизе унезе; росасул изну гьечIого яги цадахъ махIрамияв гьечIого къватIие яхъарай чIужугIаданалъе ва гь.ц.) закат кьоларо.

**Гьал микьалго тайпабазул росулъ кинал ругониги, цонигияб тайпа махIрум гьабизе бегьуларо, щибаб тайпаялъе кьолеб бутIа бащадаб букIине ккола, цого-цо закаталда хIалтIулел гIадамазе хутIун.**

Закат щолел тайпабазул цонигиял камуни, камуразе кколеб бутIаги ругезе буссинабула. Цо тайпаялда гьорлъе унел гIадамазул щивав цоясе кьолеб бащад букIине тIадаб гьечIо. Цоясе цIикIкIун, цоясе дагь кьунаниги бегьула. Имам ШафигIиясул мазгьабалда рекъон, закаталъе мустахIикъал гIадамал дагьал, гIорхъичIвараб къадаралъул ругони, киназего щвезабизе тIалъула.

ГIемерал ругони, щибаб тайпаялдаса лъаб-лъаб чиясениги щвечIого гIоларо. Лъабалго хутIарал имамзабазул бихьизабиялда абуни сахIал цо чиясе кьун таниги гIола. Бусурбанчиясда жиндаса гуребги, жинца хьихьизе кколел чагIаздасаги сахI бахъизе тIадаб буго. Масала, жиндирго чIужуялдаса бахъизе тIалъула, барщун, мутIигIлъиялдаса яхъун гьечIони.

Гьединго, цо яги кIиго цIар тIамурай ва жеги гIидда лъугIинчIей чIужуялдаса бахъизеги тIалъула росасда. Мискинал, эбел-эмен ратани яги жидеего гIураб боцIи гьабун бажаруларел лъимал ратани, гьездасанги сахI бахъизе тIалъула. Амма гIантал чагIазул яги гIисинал лъималазул жидерго гIураб боцIи батани, жиндирго буголъиялдасан гьездасан сахI бахъизе тIалъуларо инсуда, гьезул жидерго боцIудасан бахъизе ккола. ТIадаб гьечIониги, бахъизе бокьани, инсул ихтияр буго гьездаса сахI бахъизе, гьединго, ихтияр буго кIудияв, балугъав бечедав васасдасаги, изну тIалаб гьабун хадуб. Изнуго тIалаб гьабичIого балугъал лъималаздаса сахI бахъани, тIаса кколаро. РикIкIада вукIун яги цо гIузру букIун жиндирго санагIат кколеб гьечIони, росас мухIканав чи вакил гьавизе ккола жиндирго чIужу-лъималаздаса сахI бахъизе, гьесухъе изнуги кьезе кола. Аслияб кIвар буго кIалбиччанкъоялъ сахI



мустахIикъал гIадамазухъе щвей.

Бегьулареб жо буго гIидалъул къоялъ мискинзабазухъе сахIал щвечIого хутIи. Лъалареб жо дибирзабазда цIехон мухIканги гьабун, букIине кколедухъ, гIужда сахIал рахъизе гIамал гьабизе ккола.

**ГIиса ГIУМАРОВ**

*сахлъиялъул гьумер*

# Бакъул унти (малярия) бахиналдаса цІуне нужго

**Всемирная организация здравоохранениялъул (ВОЗ) хъвай – хъвагІаялда рекъон дунялалда 3 миллиард чи вугила бокьараб заманалда бакъул унтуца жал унтизе бегьулел, гьезда гьоркьоре уна Африкаялъул, Азиялъул, Латиназул Америкаялъул гІадамал. Гьаб тІадехун рехсараб (ВОЗ) организациялъул хъвай – хъвагІаялда рекъон дунялалда унтула 200 мл. гІагарун чи, гьезда гьоркьоса 600 азарго чи холиланги бихьизе гьабун буго.**



Гьал ахирал соназда бакъул унтиялда данде гьабулеб рагъ цІикІкІиналдалъун 2000 абилеб соналда данде ккун гьеб унти дагьлъизе гьабизе кІванила 25%.

Гьеб унти дунялалда тІибитІизабиялъе гІиллалъун кколила, гІемерал гІадамал цо хІукуматалдаса цоги батІи – батІиял хІукуматазде хьвади, дунялалъул тІабигІат хиси, бакъул унти бахине гьабулел кІкІарабазул тІанчІи гьезда данде гьабулел дарабазде ругьунлъи.

Гьединлъидал камулел гьечІо нилъер республикаялдаги цогидал хІукуматаздасан рачІарал гІадамаз цадахъ бачун бачІараб унтуца бакъул унтиялъ унтарал гІадамазул хъвай – хъвагІай.

Бакъул унти (малярия) буго бакъул унтиялъул кІкІарабаз (хІанчІиялдалъун) унтарасдасан сахал гІадамазде бахунеб унти.

Унти бахаралдаса гьеб загьирлъизегІан заман халат бахъине бегьула 14 къоялде щвезегІан.

Бакъул унтиялъ унтарав чиясде сири бачІуна, бетІер унтизе лъугьуна, гІемерисеб мехалъ радалалдасанго байбихьун. Гьеб халат бахъуна 2 сагІаталъ. Цинги сири къотІула, чорхол цІакан бахуна 38 – 400 щвезегІан ва гьеб халат бахъуна 6 сагІаталъ. Гьелдаса хадуб унти дагьлъула, гІемераб гІетІ чвахула ва цІакан гІодобе ккола, унтарасе бигьалъи бачІуна. Сундасан унти бахарабали хал гьабун, гьедин сири бачІине бегьула къо гьоркьоб бахъун, кІиго къо гьоркьоб бахъун яги щибаб къоялъ.

Унтарав сах гьавизе хехго байбихьани, сири хехго лъугІула. Гьединлъидал сах гьаризе ккола гьоркьоса къотІичІого, дурусго тІуразаризе ккола врачасул киналго рихьизариял. БитІараб къагІидаялъ сах гьаричІони цо заманалдасан сири цІидасан бачІине бегьула. Гьединлъидал лъан букІине ккола сири къотІи тІубанго сахлъиялъул гІаламат гуреблъи.

Гьединлъидал бакъул унтиялдаса цІуниялъе аслияб жолъун ккола унтарал гІадамал лъазари ва гьел сах гьари, кІкІарабазда данде рагъ гьаби (гьел тІагІинари, тІинчІ лъугьин гьукъи)

Бакъул унти ккезе бегьулел къватІисел улкабаздасаго рачІарал гІадамаздалъун, гьел чагІи гьобсагІатго медицинаялъул учреждениялде ине ккола унтун ругищали хал гьабизе.

Бакъул унтуца унтарал гІадамал аскІор ругони, гьеб унтиялдаса кин цІунилел.

Гьелъие цого – цо бугеб тадбир ккола кІкІарабаз хІанчІиялдаса цІуни. Гьелъие гІоло киналго тадбирал гьаризе ккола кІкІараби тІагІинариялъе, гІадамал чІарал рукъзабахъе гьел гьукъиялъе, нагагь жанире роржун рачІарал чІваялъе.

КІкІарабазул тІинчІ лъугьине гьукъиялъе пайда босулел каналал, хІорал, гІисинал хьуцІал ва цогидалги лъим чІарал бакІал лъугІизаризе ккола щайгурелъул гьитІинабго хІорчІелалдаги кІкІарабаз тІинчІ лъезе бегьулелъул.

ГІадамал чІарал рукъзабахъе кІкІараби роржинчІого рукІине горздазда ва нуцІбузда сетка ккезе ккола.

Нилъер заманалда гьеб унти гьечІониги дагьал чІахІиял гІадамазда гьеб унти лъикІ лъала хасго гІурул мухъ ккун бугел росабазул чагІазда.

Бакъул унтиялде данде рагъ гьабиялъулъ медицинаялъул хІалтІухъабазе кІудияб кумек гьабизе ккола гІадамазги. ХьуцІ бугеб бакІал тІагІинаризе, гьел ракъвазаризе: цІа – кан бахарал унтаразул хІакъалъулъ гьебсагІатго медицинаялъул учреждениязда лъазабизе.

Гьеб киналъулго кІудияб кумек буго бакъул унтиялда данде рагъ базе ва гьелдаса цІунизе.

**МУХІАМАДОВ ХІ.**
**Гъуниб ФФБУЗ «ЦГи Э» ялъул хІалтІухъан**

# Вирусный гепатит А (гІубал унти)



Вирусный гепатит А (гІубал унти) ккола чехь – бакьазул рахунел унтабазул цояблъун.

Гьеб унти цІакъ тІобитІун буго дунялалда. Унти ккезабула энтеровирусалъ. ГІубал унти «А» ккезабулеб вирус буго цІакъ хвезабизе захІматаб: лъим гьализабизе ккола 5 мин, 0,5% хлоралъул лъелъ 1 сагІ, бакъул чІоразда гьоркь 1 сагІаталъ тезе ккола гьеб вирус хвезе. Унти ккезе бегьулеб вирус гІадамасул хІажаталда цадахъ къватІибе бачІуна, унтарасул черхалдаса гІубиллъи лъугІулеб заманалда ва черхалде вирус ккараб жеги гІубиллъи гьечІеб заманалда. Хасго гьеб унтуца унтула лъимал 3 сон баралдаса 14 сон базегІан. Вирусный гепатит «А» черхалде ккола кІалдисан, лъедасан яги кванда цадахъ, бакьазь жаниб гьел гІемерлъула ва бида цадахъ уна тІуладе, хвезабула тІулал хІалтІи. Вирус черхалде ккун унти тІатизегІан уна 15 – 31 къо.

ТІогьиллъи байбихьилелде цеве унтарав лъугьуна рухІ дагьлъун, кваназе бокьуларого, гьугІдаризе гьавун, бетІер унтун, хехго свакан, букІине бегьула цо – цо лагІди, бахине бегьула температура, кьижизарула. Гьеб хІалалда рукІуна 6 – 10 къоялъ. Хадуб байбихьула тІогьиллъи беразул, хадуб черхалъул, кІварщ бецІлъула (пиводул кьер) хІажат хъахІлъула, байбихьула тІул кІодолъизе, 7 къоялда жаниб тІогьиллъи цІикІкІуна, бетІер гІатІхуна, бетІер цІикІкІун унтула. Гьединан уна 2 - 4 анкь. Вирусный гепатит сах гьабизе ккола больницаялда. Байбихьудаго дарманал гьаризе щвани унти нахъ буссуна ва сахлъизе байбихьула.

**Щибха гьабизе кколеб гепатит «А» тІатараб мехалъ?**

1. Чара гьечого вегизе ккола больницаялда.
2. Карантин лъимер букІараб группаялда яги классалда (тІаде лъимал риччаларо ва цогидаб группаялде перевод гьаруларо).
3. Спорталъул занятиял дагьлъизе гьарила.
4. Дизенфекция: туалетазда – хлорная известь бала – рукъзал хлоралъул растворалъ чурила.
5. Хасаб хал кквей гьеб лъимер букІараб группаялда яги классалда (медицинаялъул хІалтІухъабаз).

Унти бахинчІого букІине ккани бищунго къваригІараб буго рацІа – ракъалъи цІуни, хасго кверал чуризе кваналелде цебе сапунги бахун, гьекъезе цого – цо гьалараб лъим, пихъ ва овощал, кванда цебе гьалараб лъеца хулизе.

Байбихьудаго ине ккола тохтурасда аскІоре живго хехго сахлъизелъун ва аскІор ругезда бахинчІого букІинелъун. Унтарасда аскІор рукІаразда гьабизе бахъун буго хасаб дару- укол гепатит «А» ялде данде. Цо гьабураб уколалъ цІунула цо лъагІелалъ кІиабизе 6-12 моцІалдасан гьабуралъ тІоцебесалдаса хадуб 10 соналдаса цІикІкІун заманаялъ. Гьеб укол гьабизе ккола байбихьун 5 къоялда жаниб.

**ХІАМЗАТОВА Р.**
**Хъаргаби инфекционнияб отделениялъул заведующая**

*нилъер тІабигІат*

**Салда росдал мегъ**



**Редактор:** Расул Абакаров
**Газета гІуцІарал:**
ЛъаратІа районалъул администрация ва редакциялъул хІалтІухъабазул коллектив.

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цІуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0106

Материалалда рихьизарурал хІужаби ритІарал рукІиналъул жавабчилъи тІаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечІого рукІинеги бегьула.

**Адрес редакции:**
368420: Республика Дагестан
Тляратинский район,
с.Тлярата
**Тираж 1100 экз. Индекс: 51372.**

Газета отпечатана в типографии «Лотос» по адресу:
г. Махачкала, Пушкина, 6
Время подписания в печать:
по графику: 19.00
фактически: 19.00 15.07.2015
Заказ ____________